

IGICE CA 4

KUNAYO





**BARABAKURIKIRA GUSHIKA
BASHITSE KU MISOZI IHANAMIYE
IKIYAGA GITUKURA. BAHASHITSE
BARAHAGARARA BATANGURA
GUHARIRA BAVUGANA UKUNTU
BAZA KUJABUKA ICO KIYAGA.**




**TEGURA
IBITWAZI. KURIKIRA
ABAHEBURAYO.
MUBAGARIKANE CANKE
MUBICE BOSE.**

**INYUMA Y'UKO
FARAWO ABUZE
UMWANA WIWE,
ISHAVU RYIWE
RYARADUZE
CANE
YICUZA ATI.
NABAREKURIYE
IKI?**

**BIRABA
NK'UKO UBIVUZE,
NYAKUBAHWA.**

KUVAYO 14:5-7



**RABA,
IGISODA CO
MURI EGIPTA
KIRAJE! TURAHONEYE
NONEHO MURI BULO
BUGARARWA!**

**MOSE YADUKUYE HARIYA
ATUZANA NGAHA KUGIRA
TUHAPFIRE. TWARI GUPFUMA
TWIPFIRA TURI ABAGURANO
HAKUZA GUPFIRA MURI IKI
KIBANZA IMANA YATUZANYEMWO
UKANAHATWIBAGIRIRA.**




UBU
MBONA ATACO
IMANA YOKORA
KUGIRA
IDUKIZE.



DUFISE
IMISOZI INYUMA
YACU, HAMA
TUKAGIRA IKIYAGA
GITUKURA IMBERE
YACU, TURAMIZWE.

IGIHE ABANYEGIPTA BABONYE
ABAHEBURAYO BATAGIRA
RUFASHA HAMA BAKIBUKA UKUNTU
MOSE YATUMYE BABABARA
UKUNTU KURAHO MURI EGIPUTA,
BITEGURA RERO KWIBICA.




MWIHAGARARIRE
MWEBWE GUSA.
IMANA IGIYE
KUDUKIZA MU BURYO
BUKOMEYE.

IMANA
YAKOMANTAJE UMUTIMA
WA FARAWO KANDI. INYUMA
Y'UNO MUSI NTIMUZOSUBIRA
KUBONA ABASOBA
B'ABANYEGIPTA KANDI.


KUVAYO 14:5-13



**BIGARAGARA NKUKO IGISIRIKARE C'ABANYEGIPTA
COSHOBORA GUKURIKIRA KIGASHIKIRA ABAHEBURAYO,
BUKWI NA BUKWI INKINGI Y'UMURIRO IRAMANUKA IVUYE
MW'IJURU ITANGIRA BA BASODA IZIBIRA INZIRA YABO.
MURI IRYO JORO, ABAHEBURAYO BAGIRA UMUCO HAMA
ABANYEGIPTA NABO BABA MU MWIZA UDASANZWE.**



MOSE ARAMVURA INKONI
YIWE KU KUYAGA HAMA
UMUYAGA UKOMEYE UVA
MW'IJURU, UHUHUTA HEJURU
Y'AMAZI, HAMA IKIYAGA
GICA KIRAVAHU, GISIGA
AHANTU HUMYE IBARABARA
IBWINA H'IKIYAGA.



IKI CABAYE IGITANGAZA
KIDASHOBORA GUSIGURWA.
ABANYISIRAYERI
BARAJABUKA IKIYAGA
GITUKURA BACIYE KW'ISI
YUMYE KANDI BARIKO
BACA MU MAZI.

MURI KAZOZA, BAZORIRIMBA
BAVUGE IMANA ICA INZIRA
MU KUYAGA. UMUNTU WESE
AZOMENYA KO HARI IMANA IMWE
KANDI KO YITWA YEHOVA.



IYI NGOMA
NTACO
TWABONYE MURI
EGIPTA.

YAYAYA, IMANA
YACU N'IYA MBERE,
IYA MBERE YA
VYOSE! TURI HAGATI
MU KIYAGA.



**YOZIYA!
WASAZE? VA
HIYO! LIRAZI KO
LDASHOBORA
KWOGA.**




NASHAKA GLUSA
GUKORA KURI IZI FI
NZIZA.

ABAHEBURAYO BAGIRE
BASHIKE KU YINDI
NKOMBE Y'IKIYAGA,
IMANA ICA IRUGAZA KANDI
INKINGI Y'UMURIRO YARI
YATANGIRIJE MBERE
ABANYEGIPTA. NTIBIGEZE
BO BABONA ISI YUMYE
IGIHE BARIKO BARIRUKA
INYUMA Y'ABAHEBURAYO.

**KURIKIRA, ICA
ABAHEBURAYO!**




KUVAYO 14:22-23

A man with a beard, wearing a brown robe, stands on a rocky shore with his arms raised. He is holding a long staff or pole in his left hand. The background shows a body of water and a path leading away. A large crowd of people, many wearing head coverings and carrying items, is gathered on the shore, looking towards the man. The scene is set in a natural, outdoor environment.

UNO MUSI
MWABONYE
LUBISHOBOZI BWA
YEHOVA.

RABA, AMAZI ARIKO
ARAGARUKA. AGIRE
ADUTWARE.



UMUSODA WESE
W'UMUNYEGIPUTA ATWARWA
MU KIYAGA. ZA MANA
Z'IMBAHO N'IZ'AMABUYE
NTA NIMWE YABAKIJIJE.


KUVAYO 14:27-28

RABA
IYI MIVYIMBA
YOSE. IKIYAGA
CUZUYE ABASODA
B'ABANYEGIPTA
BAPFUYE.




VYUKURI,
YEHOVA NIWE
WENYENE MWAMI
MANA. NTA WUNDI
MUNTU NUMWE
ASHOBORA GUKORA
IBINTU NK'IBI. UYU
MUSI TUZOWIBUKA
IBIHE BIDASHIRA.

KUVA MU KIYAGA HAMWE N'ABA
BASODA B'ABANYEGIPTA
BAPFLUYE BARI INYUMA YACU,
ABAHEBURAYO BAKURIKIRA MOSE
HAMWE N'IGICU BAGENDERA MU
BUGARARWA BUNINI. BABANDANYA
BARYA BONGERA BANYWA IVYO
BATEKEYE BAKUYE MURI EGIPTA.




BAMAZE IMISI BARI MU RUGENDO,
IGICU KIRAHAGARARA GIHAGARARA
AHANTU HARI AMARIBA. ABAHEBURAYO
BAGUMA AHO GUSHIKA AHO INRYA
ZABO ZAHEZE. BABURA IKIBANZA
CO KUGURAMWO IZINDI NRYA.
BITUMA BATA IVYZIGIRO.




TWARI GUPFUMA
TWIGUMIRA MURI EGIPTA
NTITUBEHO NKUKO TUBAYEHO
LUBU. NK'INYAGANO TWARI
DUFISE IVYO GUFUNGURA.
RABA HANO, NTA KINTU NA
KIMWE KIHARI.

NONE
WATUZANYE
NGAHA UDUKURA
AHO TWARI KUGIRA
TUZE KWICWA
N'INZARA?




MUNYUMVIRIZE.
NTIMURIKO
MURANYIDOGERA
ARIKO MURIKO
MWIDOGERA IMANA
TWAKURIKIYE.

YEHOVA YAVUZE KO
AGIYE GUTIBURA IMIKATE
IVUYE MW'IJURU. IMISI YOSE
MU GITONDO MUZOYISANGA
YUZUYE KU BUTAKA KW'ISI.
ICO MUSABWA GUSA GUKORA
NI KUWUTORA HANYUMA
MUKAWURYA.



MOSE
YAVUZE GUTE?
TUZORONKA INRYA
GUTE? ABANA
BARASHONJE
CANE.

YAVUZE
KO YEHOVA
AGIYE GUTIBURA
NK'IMVURA IMIKATE
IVUYE MW'IJURU
IMISI YOSE MU
GITONDO.



HAGIRA HAGERE KO IZUBA
RISERUKA. URIZERA BURYA KO
HAZA KUBA HARI IMIKATE KU
BUTAKA BW'ISI NKUKO MOSE
YABIVUZE?

TURAZA
KWICWA
N'INZARA
NITWASANGA
ATAYIHARI.

OYA,
N'IBIJANYE
N'IBARABARA
RYIYUGURURA
MU KIYAGA
NTAVYO NARI
BWUMVE. IYI
MANA YA MOSE
ISHOBORA KUBA
ARI IMANA
YAREMYE ISI
N'IBIYIRIMWO.
SINIBAZA KO
BIZA KUYIGORA
KUMANURA
IMIKATE IYIKURA
MW'IJURU.
INGO HARAGEZE
REKA TUJE
KURABA.


WARI
UMAZE KWUMVA
IVYO BINTU
VY'IMIKATE
IKOROKA IVUYE
MW'IJURU?

KUVAYO 14:21-22, 30, 16:2-3, 7-8



KUBERA IKI
DUKEKERANYA?

IMIKATE
IVUYE
MW'IJURU,
NKUKO
YABIVUZE.



RABA! IRI
HOSE.

OH,
IRARYOSHE!
IMEZE
NK'UBUKI.

NUKURI,
YEHOVA N'IMANA
MOSE NAWA
UMUVUGISHWA
WAYO.

MU GIHE COSE BARI MU
BUGARARWA, IMANA YABAGABURIRA
IVYOKURYA BIVUYE MW'IJURU
IKORESHEJE ABAMARAYIKA.




IGICU CAGUMA HEJURU YABO BARI MU RUGENDO
AHO BABA BARUHUKIYE BAHASHIZE IKAMBI, HANYUMA
BAKAZA BAHAGARARA KU MARIBA Y'AMAZI BAYANYWA
BONGERA BARYA UMUKATE UVUYE MW'IJURU, ARIKO
IGICU GITANGUYE KUGENDA, BACA BAHAGURUKA
BAKAVA AHO BAGIZE IKAMBI BAKAJANA NACO
BAKAGIKURIKIRA MURI UBWO BUGARARWA BATAZI.

HARAGERA IGIHE
BABURA NAHO AMAZI.

UBU RERO
YADUHAYE
IMIKATE, AGIRA
ATWICISHE
INYOTA
NAYO?

AGAKOBWA
KANJE
KARAHAVA GAPFA
NITUTAGIRA
AMAZI TURONKA
VLUBA.





TWARI GUPFUMA
TWIGUMIRA MURI
EGIPTA, MU MUSI UMWE
GUSA NDABONA IBI BIKOKO
BIZOHAVA VYICWA N'INYOTA
HANYUMA INYUMA YAVYO
N'ABANA BATANGURE GUPFA.
TURAGUTERA AMABUYE KU
MUTWE.

IMANA
IRI KUMWE
NATWE CANKE
SIVYO?

NDAGIYE
MVUGANE NA
YEHOVA.

KUVAYO 16:14-15, 17:2-4,
ZABURI 78:24-25



IMANA YABWIYE
MOSE ICO GUKORA.

INGO
MURABE
LIBUSHOBOZI
BWA YEHOVA.
NTIMUMWIZERA.
MUGUMA MWIDOGA
GUSA.

YARABAHAYE
UMUKATE LIBU
NAHO IBAHAYE AMAZI
IBIKUYE MURI IKI
GITANDARA C'IBUYE.





POAAA!

EEEEEE!

KUVAYO 17:5-6

AMAZI
YATEMBA
NK'URUZI.






KANDI IGICU CAGUMA KIGENDAGENDA,
ABAHEBURAYO NABO BARAGIKURIKIRA
MU BUGARARWA KIBASHIKANA
AHANTU KU MUSOZI WITWA SINAYI.

AHO MOSE ARASENGA
HANYUMA IMANA IRAMUBWIRA.


**BIBUTSE IBINTU
VYOSE NABAKOREYE
IMBERE Y'ABANYEGIPTA,
UKUNTU NABAKIJIJE,
N'UKUNTU NABAGABURIYE
NKONGERA NKABAHA N'AMAZI
YO KUNYWA NKORESHEJE
IGITANDARA C'IBUYE.**



**BABWIRE KO
NIBUBAHA
AMABWIRIZWA
YANJE BAZOBA
UBWOKO BWANJE
BUDASANZWE
BWIHARIJE MU
MAHANGA IMBERE
Y'ISI. NIBUBAHA
BAZOBA UBWAMI
B'ABAHEREZI.**

**MOSE
NDIKO
NDAKUVUGISHA
NZOZA MU
GICU KININI
KUGIRA ABANTU
BABONE KANDI
BONGERE BUMVE
BANATAHURE
KANDI KO ARI
IMANA.**

MOSE AVA KU MUSOZI HAMA ABWIRA
ABANTU IBINTU VYOSE IMANA YAVUZE.




TUZOKWUMVIRA,
TUZOKORA IBINTU
VYOSE IMANA
YAVUZE.

GENDA RERO, MUMESE
IMPUZU ZANYU MWONGERE
MWOGE, MWITEGURE GUHIMBAZA
IMANA. MU MISI ITATU GUSA
IMANA IZOBAGENDERA.

NKUKO IMANA YABISEZERANYE,
KU MUSI UGIRA GATATU ABANTU
BOSE BAKORANIRA KU MUSOZI
BAJE KURINDIRA IMANA
IVUGE. CA GICU KIRAMANUKA
KIVUYE KU MUSOZI HAMA...



*MOSE, INGO
NGAHA KU MUSOZI.*

A dramatic illustration of Moses on Mount Sinai. He is shown from the waist up, wearing a blue tunic and a yellow sash, with his arms raised in prayer. The background is a fiery, orange and yellow landscape with dark, swirling clouds. The scene is lit with a bright, golden light, suggesting the presence of God.

**MOSE, NDI YEHOVA
IMANA YABAKUYE MU GIHUGU
CA EGIPTA. NIMWAMANUKA,
MUCE MWUBAKA IBIHE
MUKIKUZE UYU MUSOZI.**

**UMUNTU
WESE AZOKORA
KURI UYU MUSOZI
AZOPFA. NGIYE KUGUHA
IVYAGEZWE CUMI HAMA
UTEGEREZWA NAWU
KUBIBWIRA ABANTU.**



NTUZE
USHIRE IYINDI MANA
IMBERE YAWE.

NTUZE WIYUBAKIRE
IBIGIRWAMANA.

NTUZE UKORESHE
LUBUSA
IZINA RY'IMANA.

LIZE WEZE UMUSI
W'ISABATO.

WUBAHE SO NA NYOKO.


NTIWICE.

NTUSAMBANE.

NTIWIBE.

NTUKAGIRIZE IKINYOMA
MUGENZI WAWO.

NTUKIPFUZE IVYO
MUGENZI WAWO AFISE.



MOSE AVUYE KU MUSOZI,
AKORANYA ABARONGOZI
MIRONGO INDWI
B'ISIRAYERI HAMA ABABWIRA
IVY'IVYAGEZWE CUMI.


TUZOBISHIRA
MU NGIRO.

N'IVYAGEZWE
VYIZA.

MWA BAGABO
MIRONGO INDWI NIMUZE
DUSUBIRANE KU MUSOZI.
IMANA IRAZA KUBASANGAYO
NKUKO YABIKOREYE JEWE.
MURAZA KUYIBONERA UBWANYU.
ARIKO UBWA MBERE REKA
MBANZE NANDIKE MU GITABO IBI
VYAGEZWA IMANA YAMPAYE.

MOSE ABA MASO YANDIKA
IBINTU VYOSE IMANA
YAMUBWIYE. MPWEMU
W'IMANA ARAMUFASHA
NTA KOSA NA RIMWE
YAGIRA ARABIMURINDA.





MOSE AHEJEJE
KWANDIKA
AMAJAMBO
YOSE, AKORANYA
ABANTU HAMA
ATANGURA
KUBASOMERA
IJAMBO
RY'IMANA.

IVY'IMANA
YAVUZE VYOSE
NI VYIZA,
TUZO VYUMVIRA.

HAMA IHANGA RYA ISIRAYERI
RIGIRANIRA ISEZERANO
N'IMANA. AZOBAHEZAGIRA,
ABAHE UBUZIMA, HAMA
ABABOHORE ABANSI BABO,
HAMA BONGERE BUMVIRE
IVYO VYAGEZWE VYOSE,
BAGENDERE MU KUGOROROKA.

IMANA ITEGEKA MOSE GUTANGA
IKIMAZI HAMWE NO GUCUCAGIRA
AMARASO ABANTU.



BOSE BARI ABANYAVYAHA
BAKWIRIYE URUPFU NA MOSE EKA
NA ARONI. ARIKO IMANA YARI
INYEMBABAZI. IBACIRA AKANZO.



MU KWICA URYA MWAGAZI HAMWE NO MU KUBACUCAGIRA AMARASO,
IMANA YACA IFUKA IVYAHA VYABO NTIHEZE NGO IBICE NKUKO
BABA BABEREYE KWICWA. UMWAGAZI ATACO WAGIRIZWA WAPFA
MU KIBANZA CA BENSHI B'ABANYAVYAHA BABEREYE URUPFU.



LIBU RERO KO IVYAHA
VYANYU BIPFUTSWE,
MWEBWE BARONGOZI
MIRONGO INDWI, MUZE
TUJE KU MUSOZI HAMA
MURAZA KUHABONERA
LIBWIZA BW'IMANA.

KUVAYO 24:1-8



BA BARONGOZI MIRONGO INDWI
BAKURIKIRA MOSE HEJURU
KU MUSOZI AHO IMANA
YAVUGANIYE NA MOSE.

LIBWO NYENE, IMBERE YABO
HASERUKA INTEBE Y'INGANJI.



**LIBWIZA
BW'IMANA!**

BA BARONGOZI BABANDANYE
BARABA IGIHE MOSE YABANDANYA
KU MUSOZI HMA AGERA AHANTU
ARAZIMANGANA LIBWIZA
BW'IMANA BURAMUPFLUKA.

A man in a yellow robe, seen from behind, walks away from a group of people. He holds a long staff. The scene is set in a brightly lit, possibly outdoor or semi-outdoor environment with architectural details. The people in the foreground are looking towards him with various expressions of concern and confusion.

**MBEGA
LIBWIZA!**

**KANDI
LIBWIZA.**


**NTA MUNTU
AHWANYE NA
MOSE AVUGANA
N'IMANA IMBONA
NKUBONE.**

KUVAYO 24:9-10

**MOSE, BWIRA
ABANTU BANYUBAKIRE
INGORO YO
KUMPIMBARIZAMWO.
IZOGIRA IGICANIRO
CO GLUTANGIRAKO
IBIMAZI N'AHANTU
HEJEJWE NZOHURIRA
N'UMUHEREZI MUKURU
RIMWE MU MWAKA
KUBWO URLANGANWE
RWOSE.**

**NZOKUBWIRA UKO
UZOKWUBAKA IYO NGORO.
LIBWOKO BW'ABAREWI
NIBO BAZOBA ABAHEREZI
BANJE NA ARONI
HAMWE N'ABAHUNGU
BAMUKOMOKAKO BAZOBA
ABAHEREZI BAKURU.
BAZIGISHA ABANTU UKUNTU
BAKWIYE KUGOROROKA
HAMA BATANGE IBIMAZI
ABANTU BAKOZE
IVYAHA.**






HARAHEZE INDWI
AZIMANGANIYE MURI
URYA MURIRO KU MUSOZI.
UBU ATEGEREZA KUBA
YARAPFUYE.

EGO,
NTIDUSHOBORA
KUGUMA TWICAYE
NGAHA MU
BUGARARWA IBIHE
BIDASHIRA.

TURAKENEYE
IMANA
ITURONGORA
NKUKO
MOSE
YABIKORA.

REKA TWIKORERE
IGISHUSHANYO
C'INZAHABU C'IMANA.



MOSE
YARAPFUYE.
ARONI NONEHO
AGIYE KUDUKORERA
IMANA Y'INZAHABU
KUGIRA ITURONGORE
TWISEBIRIRE MURI
EGIPTA.

ZANA
INZAHABU
ZANYU.

N'AMABOKO YABO, BA BASAZI
BAKORA IGISHUSHANYO
C'INKA Y'IMPFIZI BACITA
IMANA YABO. IMBERE YUKO
SATANI AKORA ICAHA YARI
LWUGERERANYWA N'ICO
GISHUSHANYO. ABANTU RERO
NTAVYO BAMENYE, SATANI
ABARONGORA KUMUHIMBAZA.



ARONI AKURIKIZA IVYO ABANTU BAGOMBA ABAFASHA
GLUCURA NYA KIGIRWAMANA C'INZAHABU.

KUVAYO 20:4, 25:8-9, 28:1-3, 32:1-4, EZEKIYERI 1:10, 10:14, 28:14

ARONI YARI YACANGANIKIWE. YARI AZI NEZA KO IGISHUSHANYA ATARI IMANA, ARIKO YATINYE ABANTU.



IYI NIYO
MANA YABAKUYE
MU GIHUGU CA
EGIPTA. EJO
TUZOKWAMAMAZA
TWONGERE DUTANGA
IKIMAZI KININI
HAMA DUHIMBAZE
YEHOVA.

IMANA YARI YARAMAZE KUBATEGEKA
KUTAGIRA IGISHUSHANYO NA
KIMWE CANKE ISANAMU RIBAFASHA
MU KUYIHIMBAZA, ARIKO BACA
BIKORERA IVYO BIYUMVIRIYE.

ABANTU BARATAMBA
BARAHENA. BARANYWA
BAGERA NAHO BAGIRA
LUBUHUMBU. IMANA
YARI YITEGUYE
KUBAHONYA NO
KUBARUNGIKA MU
MURIRO YATEGURIYE
UMURWANIZI
N'ABAMARAYIKA BIWE.



IMANA IBWIRA MOSE ITI, "MANLIKA
LUBU ABANTU BAKOZE ICAHA GIKOMEYE.
BIYAMBUIYE IMPUZU HAMA BATAMBA
IRUHANDE Y'IKIGIRWAMANA.
NGIRE NDABARANDURE. IMITIMA
YABO YAKOMANTAYE. NTIBARIKO
BAGENDERA MU BUGOROROTSI. "



MOSE ARASHAVURA ABONYE KO
ABANTU BIBAGIYE IMANA HAMA
BAKIBUMBIRA IKIGIRWAMANA.

**MWAHONYANZE
IVYAGEZWE
VY'IMANA!**




MOSE ACA
AMENA IBUYE
AHO IVYAGEZWE
VYANDITSEKO.



MBEGA NTIYAVUZE KO
BITEMEWE KUGIRA IYINDI
MANA ATARI YHOVA? MBE
IGISHUSHANYO MWIBUMBIYE
N'AMABOKO YANYU
KIRASHOBORA KUBA
LUMUREMYI WANYU?

MOSE ACA
ARAPASAGURA YA
NYANA Y'INZAHABU
AYIGIRA LIBUNYWENYWE.

KUVAYO 20:3-4, 32:15-20




UMUNTU ARI
KURUHANDE RWA YEHOVA
NAZE AHAGARARANE NANJE.
HAMA UWUSHAKA GUHIMBAZA
IMANA ZO MURI EGIPUTA
NAGUME AHO ARI.

TUZOKURIKIRA
IMANA YA
ABURAHAMU, ISAKA
NA YAKOBO.

NOPFUMA
NKURIKIRA IMANA
YAGABUYE
IKIYAGA GITUKURA
NAHO IDAFISE
IGISHUSHANYO.



IGIHANO C'ICHA
N'URUPFU. YEHOVA
AVUGA KO BATEGEREZWA
GUPFA. UBU RERO FATA
INKOTA Yawe WICE ABANTU
BOSE BIFASHISHIJE
IGISHUSHANYO MU
GUHIMBAZA.



ABANTU 3000
BAHIMBAJE
IKIGIRWAMANA
BICWA UYO MUSI.

KATAGURA!

OYAAA!

TUBABARIRE!


KUVAYO 32:26-28

MOSE ASUBIRA
KU MUSOZI
HANYUMA KANDI
IMANA YANDIKA
IVYAGEZWE CUMI
KU MABUYE
ABIRI. MOSE
AGARUTSE
YEREKA ABANTU
VYA VYAGEZWE
CUMI, HAMA
BOSE BAREMERA
KANDI KO
BITEGLIYE
KUVYUMVIRA.






IMANA IVUGA
KO MUFISE IMITIMA
IKOMANTAYE KANDI KO
MURI ABAGARARIJI. IGIHE
MWAKORA ICAHA, YAMBWIYE
NDABAKERERE MWESE, ARIKO
NABASENGEYE IGIYE GUSHIRA
KURE ICAHA CANYU. YHOVA
N'UMUNYAMPUHWE
KANDI ARAHARIRA.



IMANA YARATWERETSE UKUNTU
DUKWIYE KUBAKA INGORO. NITWABIKORA
NKUKO YATUBWIYE IZOZA IBANE NATWE. KO TURI
ABANYAVYAHA, IMANA YARATEGUYE UKUNTU
DUSHOBORA KUYEGERA. ABAREWI BAZOKWAMA
BASHIKANA IBIMAZI VY'AMARASO IMISI YOSE.

RIMWE MU MWAKA,
AMARASO AZOSHIRWA KW'ISANDUGU
RY'ISEZERANO. IMANA IGIHE IZOBONA
AMARASO KW'ISANDUGU NKUKO YABIKOZE
MURI EGIPUTA, IZOSHIRA KU RUHANDE
IVYAHA VYACU, HAMA NTITUZOPFA. NIYO
NZIRA Y'IMANA IHARI YO GUHARIRA.



HANYUMA INGORO
IRUZURA, HAMA ABAHEREZI
BATANGURA GUSHIKANA
KU MUSI KU MUSI IBIMAZI.
IMANA IBONYE UKWIZERA
KW'ABASHIKANYE AMARASO
Y'IBIKOKO IGASHIRA
KURE IVYAHA VYABO.

ARIKO ABANTU
NTIBARI BANEZEREWI
NO KUGUMA MU
BUGARARWA,
BAGUMA BIDOGA
LIMWANYA WOSE.

HANYUMA HAGERA IGIHE UKWIDOGA
KWABO NO KUTIZERA KWABO BITUMA
IMANA IBACIRA URUBANZA.



**EEEE!
RABA! INZOKA
NYINSHI!**

IMANA ITEGURA INZOKA NYINSHI
Z'UBUMARA ZINJIRA MW'IKAMBI ZIRONDERA
UMUNTU WESE W'AKAZUYAZI. IMANA
N'INYEMBABAZI ARIKO NTISHOBORA
KWEMERA KO ICAHA KIGUMAHO BURUNDU.

KUVAYO 34:28-32, 39:32. GUHARURA 21:5-6



INZOKA ZARABASANGA MU
MAHEMA MW'IJORO.



**MANA
DUFASHE!**

VUBA CANE IKAMBI YUZURA
INZOKA Z'UBUMARA.





MFASHA,
NAKOMOWE.

OYAAAAA!




OYA,
YOWABU!

MAAA!



N'ABANA BARAZIRA IVYAHA
VY'ABAVYEYI BABO.

GUHARURA 21:6




KUVA ICO GIHE, IKAMBI
RIRARIRA AMABOROGO
ARUMVIKANA. INGERO
Z'ICHAHA ZITEYE UBWOBA.

NUKU
BIMEZE HOSE
MW'IKAMBI KANDI
UKO UMUNOTA
WIYONGERA
BIRUSHIRIZA KUBA
BIBI. BENSHI
BARAMAZE
GUPFA.


DUTEGEREZWA
KURONDERA MOSE,
NUKURI IKI N'IGIKORWA
C'IMANA. YASHAVURIYE
ABANTU KUBERA
IVYAHA VYABO.

WAAA!



UTEGEREZWA
KUVUGANA N'IMANA.
TURABEREYE IKI
GIHANO ARIKO YIBWIRE
ITUBABARIRE.

ABANTU BAZOGEZA
RYARI KUMENYA KO
IMANA ITIHANGANIRA
ICAHA? BATEGEREZWA
KWUMVIRA IVYAGEZWE
VYAYO HAMA BABE
IHANGA RYERA.

A man with curly hair, wearing a brown robe, is shown in a deep bow of prayer. He is looking down with his hands clasped in front of him. The background is a light blue sky with some dark lines suggesting a landscape or a path. A speech bubble is positioned above him, and a large, irregular yellow shape is at the bottom of the page.

OH, MANA
GIRIRA IMBABAZI
LBWOKO BWawe
UHARIRE IVYaha
VYABO.

**GENDA UKORE INZOKA
Y'UMURINGA NKA ZIRYA
ZABAKOMORA. LYIMANIKE
AHANTU BOSE BASHOBORA
KUBONA. LBABWIRE GUSA
BAYIHANGE AMASO LBWO
NYENE BAZOCA BAKIRA.**

IMANA HARI INZIRA
YATEGUYE. MWE GUSA
MURABE IYI NZOKA
Y'UMURINGA MUCA
MUKIRA.





AGIYE
GLIPFA.

OYA!
IMANA HARI
INZIRA YASHIZEHO.
WE GUSA LGURURA
AMASO Yawe
URABE, URABE,
HAMA LIBEHO!



N'IGITANGAZA!


**DUTEGEREZWA
KUBIBWIRA
ABANDI.**

**VYAKOZE
KURI JEWE!
NDABIBWIRA
ABANDI.**



**RABA
HAMA
LIBEHO!**

GUHARURA 21:9



KUBERA IKI UURIKO
UMUSHIRAMWO
IVYZIGIRO BITARI
VYO?

ABANDI
BARAVYE
BARAKIRA
RWOSE.

NTUBONA
KO NDIKO NDAPFA?
KUBERA IKI UURIKO
URANGORA N'UBWO
BUSAZI?



YAPFLUYE.


PORE,
NTIYZEYE.

YARI AFISE
LIBWIBONE
BWINSHI.

KANDI ABANTU BABONA
UBUSHOBOZI BW'IMANA.
MW'IKAMBI IVY'INZOKA
BIRAHERA UBUZIMA BUSUBIRA
NKUKO BWAHORA MBERE.



ARIKO ABANTU
BAKABANDANYA
BAJA MU NZIRA
ZABO BIKABANANIRA
KWUBAHA
IVYAGEZWE.




ABANYISIRAYERI
BAKURIKIRA IGICU IMANA
IBAGABURIRA MANU IVUYE
MW'IJURU IKONGERA
IKABAHA N'AMAZI.

YARI KUBASHIKANA KU BUTAKA
BW'ISEZERANO, ARIKO NTIBUMVIYE
IVYAGEZWE VYAYO, IMANA
ITUMA RERO BAMARA IMYAKA
MIRONGO INE MU BUGARARWA.

GUHARURA 21:9, 32:13

MOSE URIBAZA KO ARI WEWE WENYENE WEGEREYE IMANA. NATWE TURERA NKUKO WERA. MU BISANZWE ABA BANTU BOSE BARERA. NTA BANYAVYAHA BAKIRI HAGATI YACU. KANDI IMANA IBA HAGATI YACU. NTITUGUKENEYE WEWE NA ARONI UTUBWIRA AHO DUKWIYE KUJA, UKO DUKWIYE GUKORA, UDOCIRA URUBANZA. TURASHOBOYE KWICIRA URUBANZA NKUKO UBIKORA.



EGO. NDARUSHE N'UKU KUNTU TUGUMA TUYERERA MU BUGARARWA IMANA ITWICA IDUHORA IBINTU BITANDUKANYE.

EGO. IRI N'IKOSA RYA MOSE. IBINTU VYIWE BIRAHANITSE.

MOSE AGENDA MU
NGORO ABAZA IMANA
ICO AKWIYE GUKORA.





IMANA YAVUZE NGO "MWITEHO VYINSHI MWONGERE
MWIYITEHO MWEBWE ABAREWI. NTIMWARI KUBA
ABAHEREZI IYO IMANA ITABIGENA. "

EJO, IMANA IZOROBANURA HAGATI
YACU HANYUMA TUZOMENYA VYUKURI
ABAHEREZI ABO ARI BO, UWERA N'UWUTERA. EJO MU
GITONDO MUZOZE MU NGORO. MUZOZANE IMIBAVU
YANYU YAKA UMURIRO.

GUHARURA
16:2-6



UMUSI
UKURIKIRA.

EGERA,
MWEBWE MUVUGA KO
MWERERA, MWEBWE MUZOBA
ABAHEREZI HANYUMA
MUKARONGORA ABANDI.

IMANA IZA KUDUSANGA
NGAHA UNO MUSI, HAMA ICE
IHITAMWO. TURAZA KUBONA
UBUSHOBOZI N'UBWIZA
BWAYO.



**MWITANDUKANYE
N'ABABI KUKO NGIYE
KUBICA MU MUNOTA
UMWE.**



**MUVE MU
MAHEMA YABO.
NTIMUBEGERE
KUKO MUKOZE UKO
MURAZA GUPFANA
HAMWE NABO.**



IKI N'IGIPIMO. ABA
BANTU NIBAPFA URUPFU
RUSANZWE, MUZOCE MUVUGA
KO NDI UMUVUGISHWA
W'IBINYOMA KANDI KO IMANA
IDAHORA IMVUGISHA.



ARIKO UNO
MUSI NIMWABONA
IKINTU GISHASHA,
ISI NIYUGURUKA HAMA
IKABAMIRA N'ABABO HAMA
IKABAJANA MU MURIRO
MURACA MUMENYA KO
BACUMUYE KU MANA KANDI
KO NDI UMUVUGISHWA
W'IMANA.



LUBUFASHA!


YEEEE!

OYAAA!

GUHARURA 16:28-33




ABANTU BOSE BARONDERA KUBA
ABAHEREZI BAMIRWA ARI BAZIMA
BAJANWA MU MURIRO WATEGURIWE
SATANI N'ABAMARAYIKA BIWE.



FATA IMIBAVU
YABO HANYUMA
MUYISHIRE KU
GICANIRO.

NIMWABONA IYO MIBAVU
KU GICANIRO MUZOHEZA
MWIBUKE UNO MUSI, AHO ABANTU
BASUZUGUYE IVYAGEZWE VY'IMANA
HAMA BAGASHAKA KWIGIRA
ABAHEREZI.

UWO MUSI
ABANYISIRAYERI
NTIBAZOPFA
BAWIBAGIYE.
IMANA
IRABITOMORA
NEZA YEREKANA
KO MOSE ARI
UMUVUGISHWA
WAYO, KANDI
KO GUSA BARYA
YASHIZEHO
NK'ABAHEREZI ARI
BO GUSA BOBIBA.




UBWIZA
BW'IMANA BURI
KUMWE NATWE
UNO MUSI KANDI
YADUHAYE
UMUKATE UVUYE
MW'IJURU.

UBWIZA BW'IMANA BWAMA BURI HEJURU
Y'INGORO HAMA ABANTU BAGAKURIKIRA MOSE
BABISHATSE GUSHIKA IMYAKA MIRONGO INE.

IMANA YABANDANYA IBAHA
IMIKATE IVUYE MW'IJURU
IKANABAHA N'AMAZI AVUYE
MU GITANDARA. INKINGI
Y'UMURIRO IKABAPFLUKA
MW'IJORO HAMWE N'IGICU
KU MURANGO. BARATEKEREZA
HAMA BIGA KWUBAHA
IVYAGEZWE VY'IMANA.

GUHARURA 16:37-38



ABAHEREZI BARAJA
MU NGORO HAMA
BAGATANGA IBIMAZI KU
MUSI KU MUSI NKUKO
MOSE YABITEGETSE.




INYUMA Y'IMYAKA MIRONGO
INE BARI MU BUGARARWA NKUKO
BOSE BARI BITEGURIYE KWINJIRA
MU BUTAKA BW'ISEZERANO,
IMANA IHAMAGARA MOSE KU
MUSOZI. HAMA BAHEJEJE
KUGANIRA IRYA NYUMA
N'IMANA ARWA HASI ARAPFA.



LIBWO NYENE IMPWEMU
YIWE IJANWA MU BWIZA
BW'IMANA. AHO AZOGLUMA
GUSHIKA MU MPERA
Z'IBIHE AGAHURA N'ABANTU
BIWE MU BUTAKA IMANA
YATEGURIYE ABURAHAMU.


UGERERANIJE NK'IMYAKA 1451 IMBERE YA KRISTO,
GUSUBIRA MU VYAGEZWE 34:4-5


IMYAKA 500 ISA NK'IYIHEZE
IMANA IBWIYE ABURAHAMU
AHEBE ABIWE AGENDE KU
BUTAKA IMANA IZOMWEREKA.



IMANA YASEZERANIYE
ABURAHAMU NA SARA KO
IZOBAGIRA IHANGA RININI, BICIYE
MU MUHUNGU WABO ISAKA
IRABISHITSA. ABAHUNGU CUMI NA
BABIRI BA YAKOBO, UWO IZINA
RYIWE RYAHINDUTSE AKITWA
ISIRAYERI BABAYE IMIRYANGO
CUMI N'IBIRI HAMA BAVAMWO
ABANTU BENSHI CANE.

BAVA MU BUNYAGANO,
BACA MU BUGARARWA
HAMWE NA MOSE, BAKIRA
AMATEGEKO Y'IMANA,
HAMA IRYA NYUMA
BINJIRA MU GIHUGU
IMANA YABATEGURIYE.
MU RUGENDO RWO
MU BUGARARWA HARI
UMUSORE YAMA ARI
IRUHANDE YA MOSE
ARABA KANDI YONGERA
YIGA UKUNTU BARONGORA
IHANGA RYA ISIRAYERI.






LWO MUHUNGU
ARAKURA ABA
UMURWANYI
AKOMEYE YITWA
YOSUWA.

INYUMA YUKO MOSE AGIYE
KU MANA, YOSUWA ATORWA
N'IMANA KUGIRA ARONGORE
UBWOKO BW'IMANA KU BUTAKA
IMANA YABASEZERANIYE.



ABANTU BIBUKA UBUVUGISHWA BABWIWE
KO BAZOBA ABAMBUKIRA MU GIHUGU
KITARI IC'IWABO HANYUMA KO INYUMA
Y'IMYAKA 400 KO BAZOZANWA MU
GIHUGU IMANA YABATEGURIYE CA BA SE.
IMANA YAGUMIJE IJAMBO RYAYO.



KU MUSI
BAJABUKA
YORODANI,
MANU YO
MW'IJURU YACIYE
IHAGARARA
KURWA HAMA
BATANGURA
KURYA IVYO
KURYA KAMA VYO
MURI ICO GIHUGU
GISHASHA.

OH MUGABO
WANJE, IKI
N'IGIHUGU CIZA
IMANA YADUHAYE.

GUSUBIRA MU
VYAGEZWE 34:9,
YOSUWA 5:12

EGO, N'IGIHUGU CIZA CO
KURERERAMWO ABANA BACU
NO KUBIGISHA KUBA MU
BUGOROROTSI N'AMAHORO.



<https://goodandevilbook.com/>